Injiil bi ngir Xale yi

Kii di ko xamlé

Nóoyin ak
ndoxu mbënn
mu rey mi

Ki ko bind: Edward Hughes
Ku def illustration bi: Byron Unger; Lazarus; Alastair Paterson
Ki def adaptation bi: M. Maillot; Tammy S.
Ki ko tekki: Christian Lingua
Ki ko produire: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2021 Bible for Children, Inc.
Licence: am nga sañ sañu kopié walla it imprimé teere bi ci bu nekké ni do ko jaay.

Nóoyin nekkoon na góor
buy jammu Yàlla. Ñeeneen
ñi ñëpp dañu bañoon Yàlla
te bañ ko deggël itam.
Benn bës, Yàlla wax Nóoyin
lu jaxalaate. "Dina yàkk
addina bu bon gii.
Te sa
ñjaboot
rek lay musël."

Yàlla xamal Nóoyin ni mbënnu ndox bu rey dina ñëw muur suuf si. Yàlla digal Nóoyin ne ko "Defaral gaal gu rey ak ay bant, gaal gu rey lool ba nga mën ce duggël sa ñjaboot ak mala yu bëri." Yàlla joxoon na Nóoyin ay tekktal yu leer. Nóoyin tambale liggeey!


Xam na ni nit yi sax
ñungi doon réetaan
Nóoyin ba mu waxe lu
waaroon muy defar
gaal gi.
Wante
Nóoyin
wëy di defar
gaal gi. Mu wey
itam di wax nit ñi
ci mbiirum Yàlla.
Wante kenn
deggluwu ko.

Nóoyin amoon na ngëm gu rey. Gëmoon na Yàlla itam bu de sax ni tow mosëgulwoona wacc. Ci lu gaaw gaal gi paré ngir ñu duggël si lepp lu ñu waaroona soxla.

Leegui mala yi ñëw. Yàlla indi 7 ci yeen xeet, ñaar ci yeeneen. Picc yu magg yi ak yu ndaw yi, raabu aala yu raag yi ak yu ñjool yi ñëw dugg ci biir gaal gi.

Mën na nekk ni sax nit yi dañu doon saaga Nóoyin ba mu doon duggël mala yi. Teerewul ñu wey ci seeniy bàkkaar di tooñ Yàlla. Ñaanu ñu sax ngir dugg ci biir gaal gi.



Mala yi yepp
ak picc yi
dug ci gaal gi.
Noonu Yàlla
woo Nóoyin ne
ko "duggël ci gaal
gi yow ak sa ñjaboot."
Nóoyin, soxnaam, ñeeti
doomam yu góor ak seeniy
soxna dugg ci gaal gi. Ba ñu
dugge ci biir Yàlla tej buntu bi!



Ba loolu ame, tow bi sóob.
Ndox ju bëre tooyal xeep
suuf si ci diirup ñeent
fukki bëccëk ak ñeent
fukki guddi.

Mbënnu ndox mi dug ci gox yi ak ci dëkk yi. Ba tow gi bayye, tund yi sax ndox mi da leena muuroon. Lepp lu doon nooyi dee.

Ba ndox yi joggé, gaal gi yëkëtiku ci kaw ndax ndox mi ko doon yoobaale. Mën na nekk ni lëndëmoon na ci biir gaal gi, mën na nekk itam ni dafa ragal lu woon. Wante gaal gi mungui doon aar Nóoyin bañ mbënn mi laal ko.


Ba juroomi weru mbënn ndox gi jeexé,
Yàlla yoone ap ngelaw guy wowal suuf si. Ndank, gaal gi teggu ci kaw tund Ararat yu kawe yi. Nóoyin deesaat ci biir gaal gi ci diirup ñeent fukki bës ba ndox yi waañeku.

Nóoyin geené ci gaal gi benn ceeli ak benn picc jaarale leen ci palanteru gaal gi. Ba picc bi gissewul bërëp bu wow fu mu mëna daloo, mu deelusiwat ci Nóoyin.



Ayubés bu ci toppoon Nóoyin jeemat. Picc bi deelusiwat ak ap xobu garabu olive ci gémmiñam. Benneen ayubés bu si toppaatoon Nóoyin xamoon na ni suuf si woowoon na ndaxte picc mi deelusiwaatul.

Yàlla wax Nóoyin ni waxtu bi jotoon na ngir mu geen gaal gi. Noonu ñoom ñëpp Nóoyin ak ñjaabootam yeewi mala yi.

Lii ci ngërëm gu rey gu
Nóoyin waaroona yegg!

Mu tabax ap otel
te maggal Yàlla mu
ko muccël moom ak
ñjaabootam ci
mbënnu ndox
gu bon gi.

Yàlla digg
Nóoyin lu yeeme.
Du musëti yondi
ap mbënnu ndox
ngir atté bàkkaaru
nit yi.
Yàlla joxe ap
màndarga gu rey guy
faatali lu mu ko digg.
Xon gi moo nekkoon
màndargalu diggeb
Yàlla.

Nóoyin ak
ñjabootam gis
dund gu bees gu topp ci
mbënn mi. Cib diir, ay sëttëm
féesalaat suuf si yepp.
Àskan yu nekk ci biir
àddina bi
yepp ci
Nóoyin ak ay
doomam la ñu joggé.

Nóoyin ak ndoxu mbënn mu rey mi

Nettali bu joggé ci Kàddu Yàlla gi, Injiil bi,

Gis nañu ko ci

Ñjàlbéen ga 6-10

"Sa pirim Kàddu day leeral."
Sabóor 119:130

Ñjexté bi

Xew xewu Injiil bii daf ñuy wax ci suñu
Yàlla bu yeeme bii moom mi ñu sakk té bëgg ñu xam ko.

Yàlla xam na ni def na ñu ay mbiir yu bon, yu muy woowé bàkkaar. Mbugalu bàkkaar mooy dee, wante Yàlla def leena bëgg lool ba waaral mu yooni benn doomam kepp gu mu am, Yeesu, mu dee ci bant bi té ñu alag ko ndax suñuy bàkkaar. Waayé Yeesu dekki na ba delu ci kaw asamaan! Boo gëmé ci Yeesu té nga ñaan ko mu baal la say bàkkaar, dina la baal! Dina ñëw dëkk ci yow leegi nii sax, té dinga dund ak Moom ba faw.

Bo gëmé ni lii dëggë lë, waxal lii Yàlla:
Yeesu, gëm na ni yow yay Yàlla, nga ñëw ci jëmu nit té dee ngir samay bàkkaar, té leegui ya ngi dundat. Mangi la koy ñaan ñëwël ci sama dund té nga baal ma samay bàkkaar, ngir ma mëna am dund gu bees leegui nii, té ma mëna nekk ak Yow ba faaw keroog ba bës ba jooté. Dimbalima ngir ma mën la déggël té di dund ngir Yow ni sa doom. Amiin.

Jàngal Injiil bit té di wax ak Yàlla bës bu nekk! Yowaana 3:16